

Jiyè 2023

Chè fanmi:

### **Byenveni nan Summer Rising 2023!**

Nou kontan akeyi elèv yo ankò pou toulede pwogram akademik ak anrichisman an ki gen ladann aktivite anplennè ak aktivite art, direktè lekòl yo ak òganizasyon kominotè (CBO) yo te planifye ansanm. Pwogram anpèsòn tout jounen nou yo ofri yon anviwonman sen ki ansekirite ak ankourajan pou elèv yo pase ete yo.

Kòm pwogram nou yo kòmanse, nou te vle pataje avèk ou kèk enfòmasyon enpòtan ki pral ede oumenm ak fanmi ou kòmanse, epi pase yon bon eksperyans Summer Rising:

#### **Fòm ki obligatwa**

Pou ranpli enskripsyon nan Summer Rising lan, elèv k ap patisipe yo dwe ranpli epi voye fòm enskripsyon siplemantè a ale, w ap ka jwenn li nan plizyè lang nan [nyc.gov/site/dycd/services/after-school/summer\\_rising.page](https://nyc.gov/site/dycd/services/after-school/summer_rising.page).

#### **Orè ak Prezans**

Asire w konnen orè ete pitit ou a:

<b>Nivo klas</b>	<b>Orè</b>
<b>Kindergarten–Klas 5yèm ane</b>	5 jiyè – 18 out (7 semèn) Lendi – Vandredi, 8:00 AM – 6:00 PM
<b>Klas 6èm–8yèm ane</b>	5 jiyè – 11 out (6 semèn) Lendi – Vandredi, 8:00 AM – 6:00 PM

Yon jounen nòmal pou pifò elèv ap gen pwogram akademik nan maten, epi yon peryòd ranfòsman nan apre midi.

Nou atann pou elèv k ap patisipe nan Summer Rising yo patisipe nan tout pwogram ete a. Tanpri chita pale sou absans ki planifye avèk direktè lekòl ki anchaj la ak/oswa direktè CBO a.

Lekòl la ap kontwole prezans chak maten ak pandan chak aktivite CBO a ap fè nan apremidi. Si yon elèv absan, lekòl la ak/oswa CBO ap eseye kontakte paran/responsab la. Apre yon elèv vin gen 6 absans youn apre lòt ak yon minimòm twa tantativ san siksè pou kontakte paran/responsab la, lekòl la ak CBO pral retire elèv la nan pwogram lan (yo p ap retire elèv ki nan pwogram D75/Ane lekòl pwolonje (*Extended School Year, ESY*)/ASD nan Pwogram Edikasyon Endividyèl (*Individualized Education Program, IEP*) obligatwa yo).

Si plan ou yo chanje epi ou pa vle pou elèv ou a patisipe nan Summer Rising ankò, tanpri fè lokal Summer Rising ou a konnen imedyatman pou finalize demand pou soti nan pwogram lan epi pèmèt lekòl yo planifye ankonsekans.

### **Transpò ak Ranvwa**

Yon adilt ki otorize dwe vin chèche elèv ki nan klas K-5yèm ane avan 6:00 PM. Elèv lekòl presepondè yo ka ale lakay poukont yo nan fen jounen an avèk apwobasyon responsab ki otorize.

Lekòl Leta Vil Nouyòk pral ofri transpò angwoup pou fanmi ki elijib ak chwazi ranvwa Summer Rising a 6:00 PM, paske otobis ap disponib sèlman jiska 3:00 PM. Rideshare se yon opsyon transpò kote yon paran, responsab, oswa yon adilt ki otorize lwe yon machin ki peye davans pou (pa egzanp, woulib oswa yon taksi) lokal Summer Rising pitit li a, epi answit pran yon taksi ki peye davans pou ale lakay avèk pitit li a.

Tout elèv ki elijib pral gen yon kòd kupon sou kont lekòl leta Vil Nouyòk yo (New York City Schools Account, NYCSA), y ap ka jwenn li nan [schoolsaccount.nyc](https://schoolsaccount.nyc). Ou ka konfime elijiblite w avèk lokal ete pitit ou a.

Pou plis enfòmasyon sou transpò angwoup pou fanmi (rideshare), tankou detay sou elijiblite, tanpri gade seksyon kesyon yo poze souvan sou sitwèb Summer Rising nou an nan [schools.nyc.gov/SummerRising](https://schools.nyc.gov/SummerRising).

### **Manje**

Y ap bay elèv Summer Rising yo manje maten, manje midi ak yon snack. Y ap bay manje maten ant 8:00 AM ak 9:15 AM, ak manje midi ant 11:00 AM ak 1:15 PM. Y ap bay elèv K-8yèm ane snack pandan peryòd ranfòsman (enrichment) 3:00pm - 6:00pm.

Pifò lokal Summer Rising sèvi tou kòm lokal pou bay Manje pandan ete (Summer Meals Sites), bay manje gratis pandan tout ete a pou nenpòt moun ki nan Vil Nouyòk ki poko gen laj 18 ane. Pou plis enfòmasyon ale sou [schools.nyc.gov/SummerMeals](https://schools.nyc.gov/SummerMeals).

### **Sekirite pandan ete**

Sekirite elèv nou yo se pi gwo priyorite pou nou:

- Tanpri asire w mete enfòmasyon sou kontak ijans ou ajou nan NYCSA sou [schoolsaccount.nyc](https://schoolsaccount.nyc). Sa ap pèmèt estaf lekòl la kontakte fanmi ou si yo gen bezwen.
- Kalite lè: Kòm ou konnen, Vil Nouyòk te fè fas ak pwoblèm kalite lè prentan sa a akòz divès faktè. Ete sa a, n ap kontinye travay avèk patnè nan Jesyon Ijans Vil Nouyòk (NYC Emergency Management) ak Depatman Sante ak Ijèn Mantal ( NYC Department of Health & Mental Hygiene, DOHMH) pou kontwole kalite lè a epi asire nou fè nenpòt

aranjman ki nesèsè nan pwogram ete a pou asire sekirite elèv yo. Tanpri gade gid aktyèl Vil Nouyòk la nan seksyon konsèy sekirite pandan ete a nan [schools.nyc.gov/SummerRising](https://schools.nyc.gov/SummerRising).

- Rete fre ak ansekirite ete sa a avèk Konsèy Sekirite Natasyon bay dapre Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (New York City Department of Health and Mental Hygiene) pou ou menm ak fanmi ou, ki disponib sou entènèt nan [on.nyc.gov/beach](https://on.nyc.gov/beach).

### **Lekti pandan ete**

Li yon bon liv avèk pitit ou ete sa a! Fè lekti ansanm se yon pati enpòtan pou devlope kapasite literacy ak ankouraje aprantisaj pandan tout ane a, epi [sijesyon lekti pandan ete a sou entènèt](#) nou an se yon bon kote pou kòmanse.

### **Ou bezwen plis enfòmasyon?**

Ale sou sitwèb Summer Rising nou an ([schools.nyc.gov/SummerRising](https://schools.nyc.gov/SummerRising)) pou jwenn enfòmasyon ak repons pou kesyon moun poze souvan. Si w gen plis kesyon, tanpri kontakte lekòl elèv ou a, oswa CBO, oswa pa imèl [summer@schools.nyc.gov](mailto:summer@schools.nyc.gov).

N ap tann pou nou pase yon ete agreyab ansanm!

- Angela Faloye, Direktris Summer Programming, Emma Vadehra, Chanselye adjwen pou operasyon + Finans, ak Ekip Summer Rising